Шыщхьэ1ум 28-м Налшык къыщызэ1уахащ дунейпсо зэпеуэр

ФИФИ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№169 (21.327) ● 2008 гъэм шыщхьэ1ум (август)ым и 29, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-ш

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

ШахматымкIэ цIыхубзхэм я дунейпсо чемпионатым и къызэгъэпэщакIуэхэм, абы хэтхэм, хьэщIэхэм я деж

Сохъуэхъу ЦIыхубзхэм шахматымкIэ я дунейпсо чемпионатым и къызэгъэпэщакIуэхэм, абы хэтхэм, хьэщIэхэм.

Ди къэралым куэд зыхэт апхуэдэ зэхьэзэхуэ ин зэрыщекIуэкIыр аргуэру щыхьэт тохъуэ текIуэныгъэщхуэхэр къэзыхьа, текIуэныгъэ хабзэхэмкIэ къулей урысей шахмат школым и пщIэр зыхуэдизым.

Мы махуэхэм Къэбэрдей-Балъкэрым ирегъблагъэ дунейм и гроссмейстер нэхъ цIэрыпсэ дыдэхэр. Абыхэм хьэрэмыгъэнщэу ирагъэкIуэкIыну бэ-ныбгъэхэм езыхэм я зэфIэкIыр щагъэнэхуну, я Iэзагъымрэ ерыщагъымрэ щагъэлъэгъуэну къапэщытщ. Си фIэщ мэхъу дунейпсо зэпеуэныгъэр спортым и и лIэужыгъуэ хьэлэмэтым дихьэххэм я деж!Iэ гуфIэгъуэ нэсу зэрыувынур, дунейпсо зэпыщIэныгъэхэм зегъэужыным, ахэр гъэбыдэным щIэгъэкъуэн зэрыхъхъунур.

Зэхьэзэхуэхэм хэтхэм ехъулIэныгъэхэр къахьну, абыхэм ельпхэм акъыл зыхэлъ а джагуркIэ телъыджэм гукъыдэж къыхахыну си гуапэщ.

МЕДВЕДЕВ Дмитрий,
Урысей Федерацэм и Президент.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ А. Б. и деж

ПщIэ зыхуэсщI Арсен Башир и къуэ!

ШахматымкIэ цIыхубзхэм я дунейпсо чемпионатыр къызэзыгъэпэщахэмрэ абы хэтхэмрэ сохъуэхъу. Чемпионатыр аргуэру щыхьэт техъуэн хуейщ компьютер техникэмрэ информацэ технологиехэмрэ я лIэщIыгъуэм цIыху акъылым шахмат джэгуI3м хилъхьэ дахэтэр зэрыкIуэдым.

Сыщогугъ мы Iуэхур и къызэгъэпэщакIэкIи и спорт зэпеуэныгъэкIи зэныбжьэгъугъэмрэ зэхэщIыкIныгъэмрэ я пщалъэхэм ягъэкIуэну. Апхуэдэуи сыщогугъ къэралым куэдым я бзылъхугъэхэу зэпеуэм хэтхэм Кавказ Ищхьэрэм и щIыуэпс телъыджэм щыгъуазэ зыхуащIыну, абы щыпсэуэхэм кърахыну хьэщIагъэ ин дыдэр зыхащIыну. Дунейм и шахматисткэ нэхъ лъэщ дыдэхэу Налшык щызэхуэсахэм спорт, творческэ ехъулIэныгъэ инхэр къахьыну, насыпрэ фIыгъуэрэ яIэну сохъуэхъу.

МИРОНОВ Сергей,
Урысей Федерацэм и Федерацэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и УнафэщI.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ А.Б. и деж

ШахматымкIэ цIыхубзхэм я дунейпсо чемпионатыр къызэзыгъэпэщахэмрэ абы хэтхэмрэ сохъуэхъу зэпеуэныгъэхэр къызэрызэуахамкIэ. Дунейм и къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм я шахматисткэхэр чемпионатым зэрыхэтым дунейпсо шахмат зэдэлажьэныгъэм и гъунапкъэхэм заубгъуфыжьа Iэмал къитынущ. Си фIэщ мэхъу шахматымкIэ цIыхубзхэм я дунейпсо чемпионатыр шахматым нэхъри зиужьыным икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дунейпсо шахмат утыкум щIэ пщIэр гъэбыдэным щIэгъэкъуэн зэрыхуэхъунур.

Си гуапэщ зэпеуэныгъэм хэтхэм езыхэм я Iэзагъэр нэсу къагъэлъэгъуэну икIи спорт ехъулIэныгъэ инхэр къахьыну.

ПщIэ зыхуэсущI - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ гъэлIыкIуэ Илъэ федерацэ округым щыIэ
УСТИНОВ Владимир.

● Япэ дыдэу



ФИДЕ-м и президент Илюмжинов Кирсан дунейпсо зэпеуэр къызэIуех.

УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ, Урысейм и Шахмат федерацэм и президент Жуков Александррэ КЪБР-м Президент Къанокъуэ Арсенрэ. *Сурэтхэр* КЪАРЕЙ Элинэ *трихащ.*

Къэрал 32-м щыщ шахматисткэхэр «Синдикэ» хьэщIэщым щызэIуощIэ

Я зэфIэкI ягъэльэгъуэну Налшык къебгъэщащ къэрал 32-м я лIыкIуэ шахматисткэ льэрыхьу 64-рэ. Абыхэм яхэтщ шахмат джэгухэм я иджырей дунейпсо чемпионкэ **Юхуа Сю** (Китай), Урысей шахматым и гуп кIыхьэхам и пашэ, дунейпсо гроссмейстер **Костенюк Александрэ,** Болгарием щыщ дунейпсо чемпионкэ **Стефанова Антуанеттэ,** дуней псом рейтинг нэхъ лъагэ дыдэ щызыIэ **Конеру Хампи** (Индие) сымэ, нэгъуэщIхэри. Чемпионатыр зэрекIуэкIым кIэльыплъыну икIи тепсэльыхьыну Налшык кьэхIуащ дунейпсо гроссмейстер **Васюков Евгений.**

КьыззгъэпэщакIуэ комитетым хуэфIэкIащ ШахматымкIэ дунейпсо федерацэм (ФИДЕ) кьигъуэрэ мардэхэм иту чемпионатым пыщIа Iуэху псори зэфIэхыныр. ФИДЕ-м и лIыкIуэу республикэм кьэ-кIуахэр къызэрэпэщныгъэ лэжьыгъэмкIэ арэзы хъуащ.

Урысейм и концерт гъэлъэгъуапIэ зэIуха нэхъ инхэм ящыщ зым - Налшык и Театр щIхьуантIэм дыгъуэпшыхь щекIуэкIащ чемпионатыр кьызэрызэIуахым иращIэкIа гуфIэгъуэ пшыхьыр. Кьызэхуэсахэм фIэхъус псальэкIэ зыхуагъэзащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ, Урысейм и Шахмат федерацэм и президент **Жуков Александр,** ФИДЕ-м и президент, Кьалмыкъ Республикэм и Iэтащхьэ **Илюмжинов Кирсан** , КЪБР-м и Президент, чемпионатым и кьызэгъэпэщакIуэ гупым и унафэщI **Къанокъуэ Арсен** сымэ.

Нобэ, шыщхьэIум и 29-м, Жуков Александр кIуэнущ Налшык дащыхьа диагностикэ центрыщIэмрэ 32-нэ курыт еджапIэмрэ, апхуэдэу ар яIущIэнущ КЪБР-м и Правительствэм хэтхэм.

Махуэм сыхьэтыр 15-м «Синдикэ» интур-хьэщIэщым щекIуэкIащ чемпионатым и япэ джэгугъуэр. Пхъэидзэм кьызэригъэльэгъуэ щIыкIэм тету гуэшащ, шахмат Iэнэхэм щызэпэщIэувэнущ зэхьэзэхуэм хэт цIыхубз псори, ауэ япэ шахмат «лъэбакъуэр» Жуков Александр, Илюмжинов Кирсан, Кьанокъуэ Арсен сымэ лъагэсынущ.

Интернетым пыщIахэм Iэмал яIэнущ шахмат джэгур зэрекIуэкIым эфир занщIэкIэ еплъыну, абы папщIэ чемпионатым и сайтыр nalchik2008.fide.com. кьызэIуахьи хуейуэ араща. Апхуэдэу а сайтым кьигъэльэгъуэнущ зэIущIэ кьэс трах видеорепортаж кIэщIхэр. Чемпионатым и иужьрей джэгугъуэмрэ текIуэр гъэльэпIэным пыщIа Iуэхугъуэхэмрэ щыщхьэIум и 18-м екIуэкIынущ. Сапфир пIащэу щыгъэ налмэс 46-кIэ гъэщIэрэщIауэ Шахмат гуащэм щхьэратIэгъэну дыщэ пыIэр «Тэрчналмэс» ОАО-м и заводым щылажьэ дыщэкI Iэпщ1эльапщIэхэм ящIащ, чемпионатым и ахъшэ саугъэтыр доллар мин 450-рэ мэхъу. Зэхьэзэхуэр егъэкIуэкIыным мыльку нэхъыбэкIэ хэувар «Синдикэ» холдинг компаниерщ (Москва).

ХЬЭГУАРЭ Джамилэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен Башир и къуэ егъэджэныгъэ Iэнатlэм пэрыт лэжьакIуэхэм я республикэпсо щыщхьэIу зэIущIэм хэтхэм

ЗЭРЫЗАХУИГЪЭЗАР

Ныбжьэгъу льапIэхэ!

Гум кьыбгъэдэкI фIэхъускIэ захуэзогъаэз Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и егъэджэныгъэ Iэнатlэм пэрытхэм я щыщхьэIу зэIущIэм кьрихьэлIаХэм. ЩIэныгъэм и махуэщхуэм я пэ кьыхуэу сыт щыгъуи екIуэкI мы зэхуэсыгъэ гъэ адэжь зэуэным уэрэдыгъэщIэхэр хуэрыбгъэхыущ, республикэм и егъэджэныгъэ Iэнатlэхэм яIэ гъэлъэныгъэхэр, адэкIэ кьапэщылъ кьалэныщIэхэр щызэпкъражщ.

«ЩIэ» псальэр нэхъыбэу зэхьэлIа Iэнатlэхэм ящыщ хьуащ нобэрей егъэджэныгъэр: зэманым деКIу школыщIэхэр, щIэныгъэ, социальнэ программэщIэхэр, еджэным кьыщагъэссбэп Iэмэпсымэщ1эхэмрэ Iэмалыщ1эхэмрэ, егъэджакIуэхэм улахуэ кьызэрырагъэну щыщ1эщIэхэр, куэд мыщIэу дэнэжи зыщаубгъунущ егъэдэжныгъэм и мардэщIэхэмри. А Iуэхугъуэхэр щыхьэт тохъуэ нобэ «жьым» утету ебгъаджэ зэрымыхъунум. ГъащIэр и пIэ иткым, ауэ щыхьукIэ, егъэджэныгъэ Iэнатlэми щIэ куэд кьыхьихьэн хуейщ. Урысей Федерацэм 2020 гъэ пщIондэ зэрызиужьыну программэм льапхьым и деж!Iэ нэхъыщхьэу, мыльку зыхьэлъхьапхъэу псом яп ирагъэщIар щыхуащ, абы и зыужьныныгъэращ. Щыхуэ зэфIэкIым и инагъыр, жылагъуэ зыужьныныгъэм и льагагъыр гъэзэжыну я зэгъэгъэныгъэращ. Абы кьыхэкIыу егъэджэныгъэм и Iэмалхэмрэ Iуэху зехьэкIэхэмрэ езыгъэфIакIуэ лэжьыгъэр нэхъри щIэгъэхуэбжьэн хуейщ. Абы епхащ еджэну псоми зэхуэдэу Iэмал яIэнщ, жылагъуэр, щIыуэ зыхуеймрэ лэжьапIэ Iэнатlэхэр зыщIэупщIэмрэ елъыта, иджырей лъэхъэнэм кьытхуигъэув мардэхэм кьатIасэ фIагъ льагэ абы иIэнщ.

Иужьрей эманым егъэджэныгъэ Iэнатlэм фIы и льэныкьыкIэ зэхъуэкIыныгъэ зэщIекIуэкIащ. Дауи, иджыри дыз1элэкъэныр куэд мэхъу, ауэ абы щхьэнэ къэмынэу щIыхуэхэм я нэхъыбэмкIэ я фIэщ хъуащ а зэхъуэкIыныгъэхэм фIыгъуэ куэд кьаэзрыпэкIуэнур, ахэр и чэзу дыдэу екIуэкIыкъэгъэныу зэрыщытыр. Араща ахэр егъэджэныгъэр егъэфIэкIуэным жьыджэру щыхэлэжьыхьыр. Си фIэщ мэхъу ди егъэджакIуэхэм кьапэщылъ кьалэным иIэ мыхьэнэ иныр псэкIэ, гукIэ зэрызыхащIэр, ар гъ1ъэщIэным кьарууэ яIэр зэрырахьэлIэнур. Дэри тхуэзэфIэкI псори дощ1э, адэкIи ди зэфIэкI етхьэлIэнущ щIэныгъэр, егъэджэныгъэр республикэм кьыщыIэтыным хуэунэтIа нэхъ Iэмалыфl дыдэхэр егъэджакIуэхэм, еджакIуэхэм, студентхэм яIэн папщIэ.

Гъэ еджэгъуэщIэм щIидзэным зэманы кьынар машIэ дыдэщ. ЩIэныгъэм и махуэр куэдым я деж!Iэ хъуащ Iуэхуфlхэм я щIэдапIэ, гъэунэхуныгъэ хьэлэмэтхэм, дежьыгъэщIэхэм я нэщэнэ. Интернетым, ЩIэныгъэм и махуэр ар махуэшхуэ къудейкъым - абы унгу кьегъэкIыж екъулIныгъэ зыIэрыбгъэхьэн папщIэ, къаруи етхьэлIэн зэрыхуейр. Мы махуэщхуэ нэхумкIэ си гъэм кьыбгъэдкIыу сехьуэхьуну сыхуейщ еджэхэми езыгъаджэхэми гукъыдэж дахэрэ мурадыфIхэмрэ фи бэу, щIэныгъэ куу ди щIэблэм ефтыфу фыпсэуну.

Нобэрей фи зэхуэсым лэжьыгъэ купщIафIэрэ унафэ дахэкIэ сыхуоупсэ.

ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭМКIЭ

Налшык кьалэ департаментым зи чэзу щыщхьэIу зэIущIэхэр щыщхьэIум и 22-м Къэрал концерт тыпIэм щрагъэкIуэкIащ.

АБЫ ХЭТАЩ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Федченко Людмилэ**, КЪБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Щхьэгъэгъуей Сафарбий**, ЕгъэджэныгъэмкIэ Налшык кьалэ департаментым и тхьэмадэ **Мэлбахъуэ Тимур**, КъБКъУ-м и проректор **Тау Хьэзешэ** ЕгъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхьгъахъуэ институтым и унафэщI **Емуз Нинэ** Зауэм, дэжьыгъэм, Iэщ1экIэ зэщIэуэзэда кьарурэм я ветеранхэм я Налшык кьалэ зэгухьэныгъэм и унафэщI **Абдулаев Мустэфа,** щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрат, курыт Iэщ1агъэ щрагъэгъуэт еджапIэхэм, школхэм я унафэщIхэр, егъэджакIуэхэр.

Ар къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ Налшык кьалэ администрацэм и унафэщым и кьуэдзэ **Портэ Галинэ**. ЗэIущIэм щIыхьдзэн и пэ кьихуэу ди гъунэгъу зэгухьэгъуэ, Осетие Ипщэм, кьытепсыха гъэзэгъуэм хэкIуэдахэм дакьинкьэкIэ яхуэщыгъуащ кьызэхуэсахэр.

Ауэ псалъэ зрата **Мэлбахъуэ Тимур** убгъуащ тепсэльыхьащ 2007-2008 гъэ еджэгъуэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм я щIыкIуахэм, Iэнатlэр егъэфIэкIуэнымкIэ Къбр-м щагъэзащIэ проектым ипкъ иткIэ, дяпэкIэ зэрызауэжьыпхьэхэм.

Щ1ыхь тхьыпхъэмрэ саугъэтхэмрэ иратыжащ -2008 гъэм и егъэджакIуэ нэхъыфIэ дыдэ» кьалэ зэпеуэхэм щытекIуахэм, пашэныгъэ кьыщыIыхьахэм. 2008 - 2009 гъэ еджэгъуэм нэхъыкIфу зыхуэзыгъэхьэзыра егъэджэныгъэ Iуэхущ1апIэхэр кьыщалъытэм, гъэсапIэм ящыщу - япэ увыпIэ кьэзыхьа прогимназие №41-м, етIуанэ увыпIэр зыхуаГъэфэща НШДС №56-м, ещанэ увыпIэр зэдэзыгъэшаэу 18-нэ, 64-нэ сабий гъэсапIэхэм-пэщIэдзэ еджапIэхэм; еджапIэхэм ящыщу - 28-нэ курыт школым (1 увыпIэ), 4-нэ школым (2 увыпIэ), 9-нэ школым 13-нэ гимназиерэ (3 увыпIэ) я унафэщIхэр утыку кьэкIуэурэ яГъэпажащ.

Гуныгъэншэу кьэнакьым зэхьэзэхуэхэм хэмыта, лэжьыгъэ купщIафIэ езыгъэкIуэкIа егъэджакIуэхэр. Зи Iэнатlэм псэемыблэжу пэрыт, республикэм кьыщIэхъуэ щIэблэр егъэджэным, гъэсэным зи гуащIэ хэзыльхьэ Iэщ1агъэлIэхэм иратащ КЪБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ, Налшык кьалэ администрацэм, ЕгъэджэныгъэмкIэ Налшык кьалэ департаментым, Хэку зауэшхуэм и ветеранэм я зэгухьэныгъэм кьабгъэдэкI щIыхь тхьыпхъэр.

НЭГУЩIПЫДЖЭ Замирэ.

Зыужьыныгъэм хуокIуэ

● Шыщхьэ1у зэ1ущIэхэр

ЗыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм, республикэм и унафэщIхэм, егъэджэныгъэ Iэнатlэм пэрытгъэ1уэ щIыщ1ыкIыным, еджапIэхэм я унафэщIхэм, Iэщ1экIэ зэщIэуэзэда кьарурэм я ветеранхэм я Налшык кьалэ зэгухьэныгъэм и унафэщI **Абдулаев Нэгъуей Ритэ,** 2-нэ лицейм и тхьэмадэхэм я къуэдзэ **Соколовский Сергей**, 74-нэ сабий гъэсапIэм-пэщIэдзэ еджапIэм и унафэщI **Хочневэ Зайнаф**, 3-нэ курыт школым и унафэщым и къуэдзэ **Хъэщыкъуей Алим** сымэ, нэгъуэщIхэри.

ЕгъэджэныгъэмкIэ Налшык кьалэ департаментыр къызэрызэрагъэпэщрэ 2008 гъэм ильэс 90 зыгъэрикъум, 2008-2009 гъэ еджэгъуэщIэр къызэрыбгъэлагъэм, Къэралыгъуэм и маХуэм я щIыхькIэ зэIущIэм кьрихьэлIа Псоми фIэхъускIэ зыхуагъэзащ Налшык кьалэ дэт 5-нэ курыт школым и еджакIуэхэм. Сабийхэм усэхэр, уэрэдэр жащIащ, хьэщIэхэм удз гъэгъажэр ирагъэкIащ.

АдэкIэ утыку кьращащ фокIадэм и 1-м егъэджэныгъэ Iэнатlэм я пэрыуэ Iэщ1агъэлI ныбжьыщIэхэр. Зыщ1эхьуэпс Iэщ1агъэм хуеджэкуэ абы ирилъжьэну зызыгъэхьэзырхэм кьызэхуэсахэр кьагъэгъуащ егъэджакIуэ нэхъыфIхэм хабжэн щхьэкIэ ильэкI къызэрамыгъэнэмкIэ, я лэжьэгъу пажэхэм зэрабгъуэрыувэнумкIэ.

Налшык и егъэджакIуэ ныбжьыщIэхэр ягъэльапIэ. *Сурэтыр* КЪАРЕЙ Элинэ *трихащ.*

КъБР-м къыдэлэжьэну щогугъ

● Дыгъуасэ

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсенрэ Абхъаз Республикэм и Iэтащхьэ Бэгъэпщ1 Сергейрэ. *Сурэтыр* **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Къэбэрдей-Балъкъэрым пIалъэ кIэщIкIэ щыIащ. Абхъаз Республикэм и президент Бэгъэпщ Сергей.

КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсенрэ республикэм и Правительствэм хэтхэмрэ щацуэзам Бэгъэпщ Сергей къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралым и Iэтащхьэу Абхъазым и УнафэщIым и Президент Сергей ирагъэкIуэкIа ящ урысей щIынальэу зэрыщытыр.

- КъБР-м сыкъызэрыкIуар нэщэнэфIщ, сыт щхьэкIэ зыпIэмэ, мыбы щопсэу Абхъазым и гъусэу хамэ унафэ дыкъыщIэкIыным щIэбэна ди куэщхэр. Дэ къыдолытэ, тхьдэм захуагъэр зэфIигъэувэжауэ. Абхъазым и дежкIэ иджы нэхъыщхьэр хабзэрылажьэ демократие къэрал ухуэныгъэ. Дэ нэсу зыхыдощIэ ди пщэ къыдэхуэ жэуапIныгъэр зыхуэдэр. Дыщытхъэусыха зэманыр блэкIащ, зэпэшчэчэу икIи зэпIэзэрыту дыщылажьэну лъэхъэнэр къэсащ. Иджы кьалэн нэхъыщхьэр зэгурыIуэныгъэхэр зэщIыIэныр, дунейпсо зэпыщIэныгъэхэр зэфIэгъэувэныр.

Бэгъэпщ Сергей жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бизнесыр Абхъазым и экономикэм хьихьыным зэрыщыгугъыр. Абы кьызэрильытэмкIэ, Абхъазым щыIэщ биэнесым и лIыкIуэхэр зэлэжьыну Iуэху куэдыкIей. Псом япэу ар курорт Iэнатlэр, ерыскъыпхъэхэм елэжь Iэнатlэрщ, транспортыр, абы Кавказ къуршым пхрыкI автомобиль гъуэгу щIынри хэту.

- Сэ Европэми Къухьэпlэми лэжьэгъуэхэр кьыщыслъытэхуэркъым. Сэ сощIэ си лэжьэгъу нэхъыщхьэхэр мыбы - Урысеймрэ Кавказымрэ - зэрыщыIэр. Зэманым кьыгъэльэгъэнущ дэ дуней псор кьызэрытхущытынур.

Дуней псом кьыщалъытэнымкIэ щыIэ Iэмалхэм теухуауэ Бэгъэпщ Сергей жиIащ:

- Ар Iуэху тыншкъым. Ди дежкIэ нэхъыщхьэ дыдэр «мы щIыхуэхэм ар яхуэфащщ» дуней псом Европэмрэ къыщыхужаIэн хуэдэу ди къэралыгъуэр зэтедухуэныр.

Абы Урысейм и Президент Медведев Дмитрий фIыщIэ хуищIащ, ешым и псальэхэм ятепщIыхьмэ, лIыгъэрэ ткIигъэрэ кьызэригъэльэгъуам кьыхэкIыу.

ЗэIущIэм и кIэухым Бэгъэпщ Сергей екъуэхуэщ 90 гъэхэм я пэщIэдзэм Куржыр кьыщытеуам щыгъуэ Абхъазым дзэуахэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщхэм, иужькIэ КъБР-м и Президентыр и гъусэу езыхэм яфIэфIу Абхъазым щызэуахэм я фэеплъу Налшык дэтым удз гъэгъахэр бгъэдильхьащ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

ФокIадэм и 1-м Театр Щхьэуантlэм щагъэлъэшынущ Олимп чемпион Хьэшт Асльэнбэчрэ жэз медаль кьызэрыха Аккаев Хьэжмуратрэ.

АСЛЪЭНБЭЧ и текIуэныгъэр республикэ спортым и тхьдэм щIэуэ кьыхьыха напэкIуэцI тельыджэщ - абы КъБР-м кьыхуихьащ етхуанэ дыщэ медаль. Хъущтыр хуэIуэтэщ «бгырыпхъ зэпэцIэкIа» Iэмал гугъу дыдэм. Иджырей альдж-урым бэнэкIэм и тхьдэм а Iэмалыр кьэзыгъэсбэпыфу хэтащ закъуэтIакъуэщ. Иджырей бэнакIуэхэм ящыщу а Iэмалым хуэIэрыуэр Асльэнбэч и закъуэщ.

Спорт ехъулIэныгъэ ин дыдэмкIэ - жэз медаль кьызэрихьамкIэ ехъухъэнущ атлетикэ хьэлъэм хуэIэкIуэлъакIуэ, спортым щIыхь зиIэ и мастер Аккаев Хьэжмурати. Абы Афинхэм щекIуэкIа Олимп зэпеуэм дыжьын медали кьыщихьаущ щытащ.

Олимп зэпеуэхэм щытекIуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщхэу Шыхьуэ Борис (льакъуэрыгъажэ спорт, 1972 гъэ, Мюнхен), Рогожин Сергей (шы спорт, 1980 гъэ, Москва), Ахэмын Елен3 (волейбол, 1980 гъэ, Москва), Кьардэн Мурат (альдж-урым бэнэкIэ, 2000 гъэ, Сидней), 2004 гъэм Афинхэм щекIуэкIа Олимп зэхьэзэхуэхэм дыжьын медалыр Аккаев Хьэжмурат (атлетикэ хьэлъэ), жэз медалыр Тау Хьэсэнбий (дзюдо) кьыщахьащ. Щэч хэмылъу, абыхэм я ехьулIэныгъэхэм республикэр ирогушхуэ. Абыхэм я щапхъэм спортсменхэм я щIэблэ кьыкIэлъыкIуэхэр текIуэныгъэщIэхэм трагъэгушхуэ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыгушхуэхэр



Ущ1эзэхащIыкIым и деж

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий ЗэдзэлажьэныгъэкIэ Шанхай зэгухьэныгъэм хэт къэралхэм фIыщIэ яхуищIащ Осетие Ипщэм щекIуэкIахэр, мы зэманым щызэфIэувэ щытыкIэр зэрыяхащIыкIам кьыхэкIыу.

А къэралхэм (абы хохьэ Урысейр, Китайр, Къэзахстанэр, Къыргъызыстр, Таджикистаныр) я унафэщIхэр Душанбе щызэхуэсащ зэдэлэжьэныгъэм пыщIа Iуэху куэдым тепсэльыхьын папщIэ. Щхьэхуэу и гугъу ящIащ Осетие Ипщэм щыIэ щытыкIэм. ЗэIущIэм Урысейр кьыщыхуражащ щIыпIэм мамырыгъэр щызэфIэгъэувэжын, щIынальэм и щIыхуэм я псэукIэр щегъэфIэкIуэжын папщIэ илъэхъуэм пищэну.

Цыхуэр ягъэIэпхъуэ

Харьков областым хьхьэ Лозовая станцым и гъэзэгъуэ щыIэ Iэшэ хъуманIэм мафIэ кьыщIэнащ.

ЖаIэ псори къызыхэкIар дунейр зэрыхуэбащэр араУэ. Арщхьэкl3 властхэм я гур абы фIы ищIыркъым. Зэрыс щIыпIэхэм ирагъэIэпхъуэкIын хуей хьэщ щIыхь мин 20-м нэс. МафIэр яхуэгъэункIыфIыркъым, абы убгъэдыхьэ зэрымыхъум кьыхэкIыу. ЩIэ зэмылIэужьыгъуэ тонн мин 100 кьуэнкI3 щынагъуэщ.

Урысейр кIэльопль

УФ-м ЕшркI3 Зэщ1эуэзэ и Кьарухэм я Штаб нэхьыщхьэм и унафэщым и къуэдзэ Наговицын Анатолий зэрыжиIамкIэ, Урысейр сакъыу кIэльопль кхъухьэу НАТО-м тендзыз Фыщ1ым кьытехьахэм.

ЗэкIэ узыгъэпIейтей щIыпIэкым, кьыхихэщхьэхуащ1 генералым.

Ирамыгъэблэгъауэ ара?

Евросоюзым фокIадэм и 1-м саммит щригъэкIуэкIынущ Брюссель.

Ар зытеухуауэ щытынур Осетие Ипщэм екъэлIа Iуэхугъэр, Ауэ абы хэтынукъым Куржым и президент Саакашвили Михаил. Абы жеIэ къэралыр ибгынэмэ, Урысейм хьэуа гъэугъэзэущIу Куржым кьимыгъэкIуэжынкIэ шынэу. Ауэ а псори пщIыуэ кьыщIэкIынущ. Iуэхум хэзыщIыкIхэм зэрыжаIэмкIэ, Саакашвили Михаил а саммитым ирагъэблэгъакъым.

(ИТАР-ТАСС).

Ц Е Ф Э

◆ 1949 гъэм Курчатов Иван и унафэм щIэту Семипалатинск и гъунэгъуу щагъэнэхуащ япэ совет атом бомбэр.

◆ Илъэс 70 и пэкIэ (1938) СССР-м и Цыхубз Комиссархэм я Советым унафэ кьищтащ, «Заочнэу щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъэутыным и Iуэхукl3».

◆ Монакэм УЕФА-м и Суперкубокыр къэхьыным теухуауэ щыз3Iущ1ынущ УЕФА-м и Кубокыр зыIэщIэль «Зенитымрэ» (Санкт-Петербург) Инджылызым и чемпион, Чемпионэм я лигэм щытекIуа «Манчестер Юнайтедымрэ».

◆ **Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэти 6-рэ дакьикьэ 27-м, кьухьэкIыныщ сыхьэт 19-рэ дакьикьэ 49-м.**

◆ **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 13-рэ дакьикьэ 22-рэ.**

Пlалэнэр зыгъэхьэзырар ШАЛМ ухъумэрщ.

Лъэпкъ Iуущигъэ:

ЩIым ептырщ кьуитыжыр.

● Псапащ1э

Лей зытехьахэм зыщIагъакъуэ

КУРЖЫМ Осетие Ипщэм ирихьылIа тыпIэ льапсэрых зэуэм имыгъэпIейтея цIыху мамыр кьэгъуэтыгъуейщ. Ди республикэм и унафэщIхэри, абы щыпсэу цIыхухэри ирогузавэ ди къуэ Осетие Ипщэр зыхэхуа гуэзвэгъуэм икIи зэрахузэфIэкIкIэ ядолэпкъу.

«Урысейм эхъумэщбанк» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и лэжьакIуэхэри ящыщщ осетинхэм кьалъэIэса гуаУэшхуэр зыхэзыщIахэм икIи мыльку кIэ зыщIагъэкъуэну жэрдэм щыщIэхэм. Осетие Ипщэм и цIыхухэр куржым и лей зытехьахэм ядэIэпыкъунымкIэ, фондым ягъэхащ сом 63 500-рэ.

«Урысейм эхъумэщбанк» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэм ирихьэлIэу

Гъащ1эр к1эщ1ми, дзищэ I уткъэ,

е К1уащ Бет1ал и гуащ1эм теухуауэ аргуэру зэ

«Лым и гуащ1эр къыззрабжыр нлъэс бжыгъэкъым» - аращэрэ къызэрыпэжIащ К1уащ Бет1ал. Абыкъ1 акъыл1эгъу мыхъун щы1экъым: ныбжьыкъэкъым тхыдэм гъэужь къызэрыханэр - гуащ1эщ. Къэбгъэщ1амрэ ныбжьымрэ щ1эупщ1эркъым ц1ыхур, ц1ыхум ягу кьинэр уи гуащ1эдэк1ырщ. Дзэпш ц1эрыIуэ гъэрым жи1эгъащ: «Ныбгъэ зепхьэнумэ, ныбжьыр зэран хъуркъым» - ущ1алэ дыдэми уи пащ1э-жьакI1эр зэщ1этхъуэху дунейм уитами. К1уащ Бет1ал лы ныбжь кьнгъэщ1акъым - нлъэс щэщ1ра блырэщ зэрыпсэуар, игъуэ нэмысауэ дунейм ехы-жащ. Дунейм кьытринам тепщ1ыхьмэ, ар ноби кьыдэпсэу пэлъытэщ: кьыддопсэу н уэсэр, и ц1эр, и щ1ыхьыр. Кьыддопсэу езыр - адыгэ усакIуэ щэджащэр. К1уащ Бет1ал и уэсэр, и ц1эр, и щ1ыхьрэ ди тхыдэм ухахъыщ1э щ1ыхьуащ, абы и гуащ1эм егъэжьыкIэ адыгэ лъэпкъ щэнхабзэр.

К1уащ Бет1ал. *Лейпциг, 1946 гъэ*



К1уащ Бет1ал. И гъусэхэм дыщыгъуазэкъым. *Налшык, 1953 гъэ*

К1уащ Бет1ал. И гъусэхэм дыщыгъуазэкъым. *Налшык, 1954 гъэ*

К1УАЩ БЕТ1АЛ 1920 гъэм щэк1ыгъуэм и 22-м Дохъущык1уей къуажэм къыщал1ъхуащ. Къуажэ еджап1эм ил1ъситхук1э щеджа нэужь, Бет1ал Псыхуабэ дэта педрабфакым щ1эт1ысхьащ, ар 1936 гъэм кьиухри, Къэбэрдей-Балъкъэр пединститым 1940 гъэ пщ1ондэ щеджащ, а гъэ дыдэм, бзэмрэ литературэмк1э щ1эныгъэ нэхъыщхьэ игъуэ тауэ, Примор крайм К1уащ, школым зы ил1ъэск1э щыл1эжьауэ дзэм хьыхэри, Хы хуэм флотым щ1ыл1ыкъ щиц1ащ 1942 гъэ пщ1ондэ. А ильэс дыдэм Бет1ал ръаIуэри, зауэм К1уащ, Хэку зауэшхэр увыIэ ху Iэщэр игъэ1ыпл1ак1ым, фронтым щыз1эрихьа л1ыгъэм папщ1э К1уащым къратащ орден, медаль зыбжанэ, щыгъуаз3эхэр щыхьэт зэрыпт1ехьэмк1э, Бет1ал Совет Союзым и Л1ыхъужь ц1э ръапI эр къыфIащ1ым хуейуэ ягъэльэгъуауэ щыгъащ (къыщ1ыфIамыщ1ам и щхьэусыгъуэм зыри щыгъуаз3къым - апхуэдэ мащ1э з3бл3уакъым зауэ гуащ1эм и ръэхъэнэм).

Зауэр увыIа нэужьи офицер фащэр зыщ1ихакъым К1уащым: дзэм къыхэнэри, 1947 гъэ пщ1ондэ Ленинград къал3м къулыкъу щиц1ащ.

Хэкум кэхэлъэжа нэужь, Къэбэрдей Щ1эныгъэ-къэхутакIуэ институтым щыл1эжащ, Москвэ аспирантурэм щ1эт1ысхьащ, абы 1951 гъэ пщ1ондэ щеджащ. Аспирантурэм щыщ1эса ильэс-хэм Бет1ал адыгэ IуэрыIуатэр кууэуэ иджащ, абы и пкъыгъуэ нэ хъыщхьэжрэ ильэлэмэтагъ1хэмрэ ихутащ (К1уащым къыз3ринэк1ащ нобэр къыздэсым зи пщ1эр мыкIуэда щ1эныгъэ л3жьыгъэ зыбжанэ).

Аспирантурэ нэужьым Бет1ал Налшык къигъэзэжри Щ1эныгъэ-къэхутакIуэ институтым, ТхакIуэхэм я союзым, «Къэбэрдей» альманахым щыл1эжащ, и къару ил1ыгъуэу, усакIуэр 1957 гъэм нак3ыгъэм и 1-м дунейм ехьжащ.

Л1ы ныбжь кьымыгъэщ1ами, К1уащ Бет1ал адыгэ лъэпкъым и гум къыщ1инэн л3жьыгъэрэ гуащ1эрэ къызэринэк1ащ, адыгэ лъэпкъыр зэрыпагэ къызэрыдыгъуэщ абы и Iэдакъэщ1э-к1ыр, и щ1эмрэ и щ1ыхьмрэ зэи мыкIуэдыжынщ. Дунейм тетыху - зауэ гуащ1эм щ1ыхьтами, л3жьыгъэ I3натI эщ1ыбгъэдэтами - Бет1ал зы маухуи игъэпудакъым адыгэл1ым и пщ1эмрэ и щ1ыхьмрэ, нобэр къыздэсым яхуэIуэтэщ1ыркъым абы хэлъа ц1ыхугъэмрэ л1ыгъэмрэ я хьыбарыр. Апхуэдэ хьыбар къ3зымыIуэтэж яхэткъым К1уащым и ныбжьк1эгъуаэхэмрэ и л3жьыгъуаэхэмрэ - ар зы ц1ыхуу щыта дэтхэнэми. Н3хьыжьми н3къыщ1эми бзэ къаухуэзыгъуэт, я пщ1эр зыл1ытэф ц1ыхухуэт Бет1ал, и нэмысрэ и щ1эныфIагък1э, и акъылрэ и щ1эныгъэк1э ц1эрыIуэ хьуауэ.

Щ1эрыIуэ зэрыхъуам ирипагэ, зи щхьэр япэ изыгъэщ ц1ыхухэм ящ1ыщакъым Бет1ал, гу л1ытэхъуи къыщ1эк1ынтэкъым езым и уасэм, и напщ1э тельтэкъым ар - апхуэдэраш щ1ыхум я гум фIыкIэ кьинэр, ящ1ымыгъупщэр. Апхуэдэжм ящ1ыщащ Бет1ал - ар къыдал1ъхуауэ, и л1ым хэпщауэ къыдэгъуэгурык1уащ.

Щ1эныгъэшхуэ зыбгъэдэ3ръа щ1ыхуш Бет1ал. Къадэр, бзэр, литературэр, Iэрыщ1уатэр кууэ зэриджам щ1ыхьэт т3хъуэ К1уащым къыз3ринэк1а щ1эныгъэ л3жьыгъэкэр. Нало Заур зэритхымк1э, К1уащым и анэдэл1ъубзэм нэмыщ1, бзэ зыбжанэ ищ1эу, л1ъэпкъ куэдым я щэнхабзэм кууэуэ щыгъуазэу щытащ. Аспирантурэм щыщ1эса ильэсхэми нужьк1и Бет1ал къарууш-хуэ нрихьэл1ащ адыгэ Iуэрыуатэр джыным, ар з3куэхьэсыным, къыдэгъэк1ыным. Кууэ зыщыгъуазэ адыгэ Iуэрыуатэр Бет1ал ръабжьэ хуищ1ащ и усыгъэ купщ1афIэ щыбжанэм («Си псыхъуэ гуащ1э», «Партхэр», нэгъуэщ1эхэр).

«Си гъащ1эм и гуащ1э» т3хыльным Бет1ал щыз3хуихьэса усыгъэхэм я нэхьыбап1эр дунейм къыщытехьар усакIуэр аспирантурэм щыщ1эса ильэсхэрщ. Абы щыгъуэщ Бет1ал «Хамэщ1ым» циклым хьхьэ усэ хьэлэмэтэхэр («Нил гъатхэм», «Самум», «Хьэрыпхэм я пъэщк1э», «Англичанхэр», «Мэжджытым», «Феллахыр щ1ыгак1э», «Чэбак1уэхэр») щитхар. Абы щыгъуэщ «Шагъдий», «Роз», «Си псыхъуэ гуащ1э», «Индыл» усэ ц1эрыIуэхэри дунейм къыщытехьар. Аспирантурэм щ1эсущ Бет1ал и усыгъэ нэхъ пащ1э дыдэри - «ДжонитI» поэмэр щитхар. Зи ц1э къитIуа усыгъэхэм я закъуэкым а зэманым Бет1ал и къал3мып1эм къыщ1эк1ар (и щ1эныгъэ л3жьыгъэ-я гугъу умыщ1ыххэми) - зауэ нэужь ильэс зыбгъуищ1ым абы и Iэдакъэ къыщ1эк1ащ и пшынат1ым и фIып1эр. «Си гъащ1эм и гуащ1э» усэ тхыльыр дунейм къытехьа нэужь, ди литературэм усакIуэ гъэщ1эгъуэн къызэрыщ1эт3джар наIуэ хьуащ - езым и макъэр зэ1ыми хэмыгъуащ1эн хъэтIрэ зиIэ усакIуэ щэджащ.

Дунейм ехьжьи и пэIуэк1э Бет1ал и къал3мып1эм къыщ1эк1ащ мыпхуэдэ сатырхэр:

Дыгъэфl махуи жащ
мазагъуи
Сызыщ1ышынэр зыщ:
«Ищ1эгъа щы1акъым
щ1агъуи,
Л1ащ, дыхуэзарзыщ», -
Схужьип1энырщ, си
лъэпкъ мащ1э:
Ар си л1эн п1эунейщ,
Уэ Iумпэм умыщ1 си
гуащ1эр,
Сэ уэ сырууейщ.

Нобэ зыми щэч кьыприхьэжьыркъым: К1уащ Бет1ал и гуащ1эр адыгэ литературэм и фIып1эщ, л1ъэпкъыр эрэгушхуэ, зэрыбжьыфIэ гуащ1э кьыз3ринэк1ын хуэзфIэк1ащ усакIуэ тельыдджэм.

«Уэр мыхъуамэ, сыбгъэ дамэншэт», «Гур зыдэкIуэм кIуэфыр л1ыфIщ», «Хэрэдыр фадэм кьыхэк1ыркъым», «Роз», «Си псыхъуэ гуащ1э», «Си л1ъахэ», «Ухыгъэ» - ди поэзием уахът3ншэ щы-хьуащ а усэхэр. К1уащым и мащ1эжьым апхуэдэ усыгъэхэр - усакIуэм и гущ1эм щы-з3щ1эна, и гупсыс3мрэ и гурыгъу-гурыщ1эжьмрэ къ3зыбл3рэрэк1э пшынал1ъэ купщафIэхэр. К1уащ Бет1ал къэбэрдей поэзием кьыхолыдык1, абы и дэтхэнэ сатырми усакIуэ щэджащэм и дамыгъэ тельщ. Бет1ал и усэр зыхэгъуэщ1эн щы1экъым, дэнэ ущрихьэл1эми, ар усакIуэм и Iэдакъэ къыз3ри-хэр - усакIуэм и гущ1эм щы-з3щ1эна, и гупсыс3мрэ и гурыгъу-гурыщ1эжьмрэ къ3зыбл3рэрэк1э пшынал1ъэ купщафIэхэр. К1уащ Бет1ал къэбэрдей поэзием къыхолыдык1, абы и дэтхэнэ сатырми усакIуэ щэджащэм и дамыгъэ тельщ. Бет1ал и усэр зыхэгъуэщ1эн щы1экъым, дэнэ ущрихьэл1эми, ар усакIуэм и Iэдакъэ къыз3ри-хэр - усакIуэм и гущ1эм щы-з3щ1эна, и гупсыс3мрэ и гурыгъу-гурыщ1эжьмрэ ар - псэ кьабзагъэк1э, ц1ыхугъэк1э, л1ыгъэк1э. Зэи щэч кьытрихьакъым абы захуагъэмрэ пэжьмрэ къап3лъэщ1ым къару з3рыщ1ымы1эм, апхуэдэ фIэщхъыныгъэ хэлъащ, и псэр къыщыз3фIэнэ къ3хъуамэ, усакIуэм и щ1ыхьыр игъэпудакъым, и псэм кьещ1ахэм ящ1ихьмэфащ ар. Ящ1ихьмэфащ, щэч кьытрихьэрт3къым:

Щ1ыхь нэхум кьыфI
унэбжэр Iуеудри,
Ц1ыхугъэм хуохъуэ
джрпэджэж.

Псэ кьабзэрэ гу пщ1анэрэ зиIа усакIуэ Бет1ал. Апхуэдэр тегушхуэ3уэфIэ щащ1 (уеблэмэ щращ1ык1ыпI3 з3манщ К1уащ Бет1ал зыхал1ъхуар. Езыми зыхищ1э хъунт ар - зы мэскъалк1э ухъз3дзыхэмэ, з3маным узыIуригъэ-лъэдэнк1э з3рыхъунур. Абы щ1ыхьэт т3хьуэ сатырхэм ущрохьэлI3 Бет1ал и усэхэм - адэ-мыдэк1э хэпхъауэ...

ЗЭРЫХАБЗЭЩИ, дэтхэнэ усакIуэмэ (ар усакIуэмэ!) езым и хьэтIрэ и псэлъафэрэ и1эжщ. К1уащым и хьэтIыр, и псэлъафэр нэгъуэщым хэгъуэщэнк1э Iэмал и1экъым, абы и усэр кьыбоцIыху и зы сатыр закъуэк1э: а сатырым дэнэ ущрихьэл1эми, К1уащым зэри1эдакъэщ1ыр къэпщ1энущ. Къэпщ1энущ, апхуэдизк1э Iупщ1ащ, щ1эщыгъуэщ, беладжьыщи. К1уащым и усэр п1лъагъу хуэдэщ, уи нэгум кьыщ1оувэ, уи гум кьонэ. «Акъужьыр а1ыпсэхъуауэ уи ныджэм щоцIейтей» - укъ3дж3 къудейкъым а сатырым, ар уо-лъагъу, гукIи псэкIи зыхьыбощ1э. Апхуэдэ защ1эщ Бет1ал и усэбзэр: «жьакIащ1у щхьэмыж уэрэр хы щхьэфэу мэбырыб», «махъшэ сыдж сатырщ уи Iуфэр, уи щ1эм мывэр щы3эрошх», «дыгъэнэпсым, дыжьын бынжэу, уи сэтейр ешьхь», «дыжьын щхьэфэр пэк1э я6зу, кхъухьхэм дратхъуей», «домбей пщэцу1э Iуфэ м3зыр хьэвэ щхъуантI3у пIутIу», «удэр гъукIэм ишэщ1ыхухк1э гъущ1 жьэражьэм зеудыгъу». Апхуэдэ образ мащ1э ущрихьэл1эркъым К1уащым и усэбзэм, апхуэдэ образ Iупщ1эм Бет1ал и усэр зыми емыкIыщ, зыми хэмыгъуэщэн ящ1. К1уащ Бет1ал фIэкI, нэгъуэщым и къал3мып1э къыщ1эк1ынк1э фIэщ хъугъуейщ мыпхуэдэ сурэт:

Уафэр гъуагъэщ
щ1эхъупскI3жиу,
Пшэр кънубгэрэк1ащ,
Щ1ым кьнпыхьэщ
щ1эфнежиу,
Псыдзэу кьнпъэдащ,
Щыбл3ш уафэр
ирихьнныщ1эм,
Нэхрн къыпощ1щ
Уэшх пк1эт1ейхэр...

Уафэгъуагъуэ уэшх игъащ1эм умыл1ъэгъуами, мы сатыр зыхыбл1ымк1э уи нэгу къыщ1эбгъэхъэфынущ - апхуэдэр хуэзфIок1 Бет1ал и усэм. ХуэзфIок1, ар ди литературэм л3ф1ыщ1ар.

Усыгъэхэм нэмыщ1, Бет1ал къызэринэк1ащ, ищхьэк1э зэрыщ1ыжьт1ащи, ноби зи мыхьэнэм хэмыщ1а щ1эныгъэ л3жьыгъэ хьэлэмэт зыбжанэ: «История собрания и изучения кабардино-черкесского фольклора», «30 лет собрания и изучения кабардино-черкесского фольклора», «Стихосложение нартского эпоса», «Строение кабардинского стиха». Зэрынэрыл1агъ1ущи, К1уащым и щ1эныгъэ л3жьыгъэхэм щихутэр адыгэ Iуэрыуатэрщ, абы и хьэлэмэтыгъэхэмрэ и зэхэ1ыкIэмрэщ. К1уащыр абыхэм щеленжьар аспирантурэм щыщ1эса з3манырщ, зи ужь ита диссертацэм л1ьабжьэ хуищ1ым мурад и1ащ адыгэ Iуэрыуатэрщ, абы и хьэлэмэтыгъэхэмрэ и зэхэ1ыкIэмрэщ. К1уащыр абыхэм щеленжьар аспирантурэм щыщ1эса з3манырщ, зи ужь ита диссертацэм л1ьабжьэ хуищ1ым мурад и1ащ адыгэ Iуэрыуатэм и



К1эфо Арсен, К1уащ Бет1ал, Кхъуэ1уфэ Хьэжбат. *1956 гъэ*

Жьэк1эмыхъу Хьэжыс-мел, К1уащ Бет1ал. Яку дэтыр тщ1ыхуркъым. *1954 гъэ*

Шортэн Аскэрбийрэ К1уащ Бет1алрэ. Сэмэгумк1э щысыр тхак1уэ щ1алэ Щокъуней Къадирщ. *1956 гъэ*



К1уащ Бет1ал. Къыбгъэдэсыр тщ1ыхуркъым. *1955 гъэ*



Киреев Михаил, Щомахуэ Амырхъан, Щоджэнц1ыкIу Iэдэм, зэдзэк1ак1уэ Липкин Семен, К1уащ Бет1ал. *1955 гъэ*

К1уащ Бет1ал. *1939 гъэ*

Шортэн Аскэрбийрэ К1уащ Бет1алрэ. *1956 гъэ*

Майор К1уащ Бет1ал. *Германие, 1945 гъэ*



К1уащ Бет1ал. *1948 гъэ*

Щ1ысхэм сэмэгумк1э ещанэр К1уащ Бет1алщ. *1956 гъэ*